



Pou Piblikasyon Imedya: 04/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

KOMISÈ SANTE ETA NY LA, DOKTÈ HOWARD ZUCKER REPONN DEMANN MAJISTRA BILL DE BLASIO POU UTILIZE DEZYÈM DÒZ VAKSEN AN KÒM PREMYE DÒZ

"Sa ki pi enpòtan, epi definivman, CDC a ki dirije kounye a pa ekip Prezidan Biden nan, pa rekòmande pou itilize dezyèm dòz la pou premye dòz. Mwen nan kontak ak CDC a, maten an menm, sou sijè sa lè yo te afime opozisyon yo pou itilize dezyèm dòz yo kòm premye dòz kounye a."

Komisè Sante Eta New York, Doktè Howard A. Zucker te reponn demann Majistra Bill de Blasio jodi a pou itilize dezyèm dòz vaksen COVID la kòm premye dòz.

Tèks konplè lèt Doktè Zucker a disponib anba la a:

Jedi 4 février 2021

Pou Majistra de Blasio,

Mwen resevwa lèt ou a nan dat 3 fevriye a ki mande apwobasyon Depatman Sante (Department of Health) Eta a pou itilize dezyèm dòz vaksen COVID-19 la kòm premye dòz.

Jan ou ka konnen, e jan mwen asire Komisyone Sante w la te konseye ou, itilizasyon dezyèm dòz vaksen COVID-19 yo pou premye dòz yo se yon sijè ekspè sante nasyonal ak entènasyonal wo nivo te diskite.

Gen kèk ofisyèl sante ki defann itilizasyon dezyèm dòz la kòm premye dòz. Ekspè sa yo ap fè remake ke rekòmandasyon yo repoze sou yon ogmantasyon ki garanti sou plan federal nan pwodiksyon vaksen an ki t ap egzije pou reponn ak demann dòz siplemantè yo nan semèn k ap vini yo. Gen ekspè sante ki opoze kategorikman ak itilizasyon dezyèm dòz yo antanke premye dòz paske yo kwè gen pwodiksyon ki pa apwopriye pou jere vag sa t ap kreye a. Gen menm yon lekòl panse ki sijere reta ant premye dòz ak dezyèm dòz la te bay nesans a souch varyant viral ki te soti a. Kominote medikal la klèman gen opinyon ki melanje sou kesyon an.

Sa ki pi enpòtan, epi definivman, CDC a ki dirije kounye a pa ekip Prezidan Biden nan, pa rekòmande pou itilize dezyèm dòz la pou premye dòz. Mwen nan kontak ak CDC a, maten an menm, sou sijè sa lè yo te afime opozisyon yo pou itilize dezyèm dòz yo kòm

premye dòz kounye a. CDC a genyen enfòmasyon ke nou pa genyen. CDC a gen konesans entim sou pwogram pwodiksyon vaksen alavni paske li kontwole nan nivo federal e se pwofesyonèl medikal nasyonal ak entènasyonal k ap fè rechèch sou viris la, ki enfòmasyon opinyon yo.

Gouvènè Cuomo te deja deklare si CDC a rekòmande itilize dezyèm dòz yo pou premye, li prè, li vle e li kapab administre yon pwogram nan tout eta a k ap fè sa jisteman. Si CDC a pa rive nan yon pwen kote yo rekòmande itilize dezyèm dòz yo, li jis pou asime ke CDC a ap rekòmande tou, pwoteksyon ki t ap nesesè pou mete anplas pou asire ke dezyèm dòz yo disponib alè. Sijasyon ou pou yon "reta lejè" pou moun k ap resevwa dezyèm dòz la t ap akseptab, men sa souve yon drapo avètisman. Moun yo te travay trè di pou yo jwenn yon randevou vaksen epi gen plis enkyetid piblik ke dezyèm dòz la p ap disponib nan dat randevou yo. Pandan syans pou konnen si yon "lejè reta" t ap afekte iminite konplè a ouvri epi nan diskisyon, mwen kwè li t ap kreye enkyetid ki depase pou di moun ki te pwograme randevou yo ke randevou sa yo te chanje menm si se pou yon "lejè reta". Jan ou konnen an, pwosesis vaksinasyon ak apwovizyonman an toujou pa ko nan yon nivo konfyans piblik ki elve. Menm ranvwa randevou akòz tanpèt nèj dènyèman an te lakoz enkyetid, mwen kwè li enpòtan ke yo onore tout randevou ki pwograme yo.

Mwen ta mande Vil New York ak lòt jiridiksyon lokal yo kontinye konsantrasyon yo sou vaksinasyon mendèv esansyèl 1B ak travayè lopital ki gen priyorite yo epi atake lopital ki pa twò pèfòman yo. Diferans ant pousantaj vaksinasyon pèsònèl lopital la ka elve a 50 pousan. Nou dwe fè pi byen. Nou t ap travay ak lopital prive yo ki te ogmante pèfòmans yo e nou t ap reklame atansyon ou pou lopital piblik ki sou kontwòl ou yo sou kesyon sa. Nou konnen si gen yon varyant ki lakoz yon ogmantasyon to enfeksyon, kapasite lopital yo ap vin yon pwoblèm presan yon fwa ankò epi lopital sa yo ki gen yon pousantaj anplwaye ki vaksinen ki ba yo, petèt se pral premye ki p ap reyisi.

Jan nou konnen, Gouvènè Cuomo te trè agresif nan bay ogmantasyon apwovizyonman vaksen ak mizanplas pou vaksinasyon. Si CDC a rekòmande vrèman pou itilize dezyèm dòz la kòm yon premye dòz, mwen ka asire ou New York ap trase egzanp nasyonal la.

Sensèman,
Doktè Howard A. Zucker, M.D., J.D.
Komisyon Sante

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)